



Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan Vil New York

(New York City Family Justice Centers)

Sant kote ou jwenn tout sèvis pou ba ou èd nan ka vyolans nan kay

Kijan Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi ye?

Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan Vil New York se sant kote tout viktim vyolans nan kay ak pitit yo epitou granmoun aje ki viktim move tretman annik mache ale san randevou. Pou nou rann li pi fasil pou ou jwenn èd, nou mete anpil ajans nan chak Sant. Sèvis yo gratis epi tout viktim ka jwenn sèvis. Nou ka ede ou kèlkeswa lang ou pale a.

Lè ou vizite yon Sant, ou ka atann pou jwenn yon anvionnman ki an sekirite, ki entere nan oumenm epi sèvis ak sipò pèsònèl. Nan premye vizit ou nan yon Sant, w ap rankontre yon espesyalis nan sèvis kliyantèl. Y ap pale avèk ou konsènan sèvis ou bezwen yo. Espesyalis nan sèvis kliyantèl la ap fè aranjanman pou ou rankontre yon responsab dosye, k ap ba ou esplikasyon epi k ap ede ou jwenn sèvis nan Sant lan.

Nou mete Sant yo nan bilding ki gen sekirite pou garanti pwoteksyon ou. Tout moun ki vin nan Sant lan dwe pase nan yon aparèy pou detekte metal anvan yo rantre nan Sant lan. Tanpri pote yon papye idantifikasyon ki gen yon foto sou li.

“Mèsi anpil. Mwen pat konnen te gen tout èd sa yo ki egziste. Kounyeya, mwen panse mwen gen yon chans.”

- Kliyan FJC

Kijan yon Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi ka ede mwen?

Depatman ki responsab dosye Ou ka rankontre yon responsab dosye ki ka defann dwa ou genyen pou jwenn sa ou bezwen yo, pale avèk ou sou kijan pou ou rete an sekirite epi fè ou jwenn sèvis yo.

Konsèy Gen sesyon konsèy pou oumenm ak pitit ou yo. W ap jwenn toulède ni konsèy pèsònèl ni gwoup ki bay sipò.

Enfòmasyon legal Gen avoka ak paralegal ki la pou pale avèk ou sou pwoblèm legal tankou kiyès ki responsab legal timoun yo, vizit, epi imigrasyon.

Lapolis Ofisye Prevansyon Vyolans nan Kay ki soti nan Depatman Lapolis Vil New York, epi ki travay nan Sant lan, ap ede ou rapòte yon krim. Yo ka ba ou enfòmasyon sou kijan lapolis ka ede ou rete an sekirite.

Pousuit nan lajistis Vyolans nan kay se yon krim. W ap jwenn komisè gouvènman ki travay nan biwo District Attorney (Pwokirè Distrik) nan Sant yo. Komisè gouvènman yo ka reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen konsènan sistèm jistis kriminel la.

Sal pou timoun Pitit ou yo, ki gen laj 3 an oswa pi plis, ka jwe nan Sal pou Timoun yo pandan n ap ba ou èd.

Sèvis pou granmoun aje yo maltrete Responsab dosye yo, avoka yo, ak komisè gouvènman yo ka ede ou si ou se yon granmoun aje yon moun ap maltrete.

Sèvis pou endepans ekonomik Pèsònèl la ka ede ou jwenn avantaj piblik, fè bidjè, gadri pou timoun, ak sekirite finansye. Anplwaye yo ka fè ou jwenn koneksyon nan kou fòmasyon pou travay ak pwogram pou edikasyon.

Ki lè sant yo ouvri, ki kote sant yo ye, epi ki wout pou fè pou ale nan sant yo

A ki lè sant yo ouvri: Lendi jiska vandredi depi 9:00 dimaten jiska 5:00 apremidi.

Telefòn: Rele 311 pou yo konekte ou ak yon Sant ki toupre ou.

Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan NYC, Bronx

Adrès: 198 East 161th Street, Bronx, NY 10451

Tren: nimewo 4, B oswa D pou ale nan 161st Street Yankee Stadium station

Otobis: BX1, BX2, BX6, ak BX13

Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan NYC, Brooklyn

Adrès: 350 Jay Street, Brooklyn, NY 11201

Tren: A, C, F oswa R pou ale nan Jay Street oswa nimewo 2, 3, 4, oswa 5 pou ale Borough Hall

Otobis: B25, B26, B38, B51, B54, B57, B61, B65, B67, ak B75

Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan NYC, Manhattan

Adrès: 80 Centre Street, New York, NY 10013

Tren: nimewo 4, 5 oswa 6 pou ale Brooklyn Bridge-City Hall Station, J oswa Z pou ale nan Chambers Street, N oswa R pou ale nan City Hall, nimewo 1, 2 oswa 3 pou ale nan Chambers Street, oswa A oswa C pou ale nan Chambers Street

Otobis: M5, M9, M22 ak M103

Sant ki Okipe Zafè Jistis pou Fanmi nan NYC, Queens

Adrès: 126-02 82nd Avenue, Kew Gardens, NY 11415

Tren: E oswa F pou ale nan Kew Gardens-Union Turnpike

Otobis: Q10, Q37, Q46, ak Q60

Ekip pou entèvansyon nan ka vyolans nan kay nan Staten Island

Viktim ki rete nan Staten Island dwe rele 311 pou jwenn Ekip pou entèvansyon nan ka vyolans nan kay nan Staten Island pou mande enfòmasyon ak referans. Pou aprann plis enfòmasyon, voye imèl nan OCDV_DVRT@cityhall.nyc.gov oswa vizite www.nyc.gov/domesticviolence.



Mayor's Office to
Combat Domestic Violence

Kijan pou rete an sekirite

Si gen yon moun k ap maltrete ou, men kèk mezi ki kapab ede ou rete an sekirite:

- Rele 911 si ou nan danje oswa si menaj/mari/madanm ou blese ou oswa fè ou mal.
- Montre pitit ou yo kijan pou itilize telefòn pou rele lapolis epi ale yo kote ki gen sekirite lè yon ensidan vyolan ap fèt.
- Idantifye yon kote ki gen sekirite pou oumenm ak pitit ou ale si gen yon kadrijans.
- Fèmen tout fenèt ak tout pòt ak kle lannuit ak lè ou soti lakay ou.
- Fè lekòl/gadri pitit ou yo konnen ki moun ki gen pèmisyon pou al chèche timoun yo.
- Mande pou chanje nimewo telefòn ou epi pou yo ba ou yon nimewo ki pa pibliye.
- Kenbe adrès lakay ou an sekre, si li posib, pa kite moun k ap maltrete ou la konnen ki kote ou rete.
- Pa soti poukont ou.
- Si li posib, fè yon moun chèche konnen kiyès k ap telefone ou anvan ou aksepte yon koutfil lè ou nan travay, mande pou yo chanje nimewo telefòn ou ak adrès imèl ou nan biwo ou, chanje wout ou konn fè pou ale ak soti nan travay souvan, epi itilize yon orè ki varye.

• Si ou bezwen kouri ale byen vit, rasanble dokiman enpòtan yo pou oumenm ak pitit ou:

- Paspò/Grinkat/Otorizasyon pou travay
- Kat Sekirite Sosyal/Batistè
- Papyè rapò labank/kat kredi/kanè chèk
- Papyè deklarasyon taks/souch chèk travay
- Papyè kay/Kontra lwaye
- Lòd tribinal pou pwoteksyon
- Lòd tribinal pou gad legal/Vizit ak timoun
- Kontra maryaj
- Dosye vaksinasyon/dosye lekòl timoun
- Kanè adrès ak yon telefòn pòtab pre-peye
- Foto moun k ap maltrete ou la
- Prèv sou move tretman yo, ansanm ak imèl, tèks mesaj (SMS mesaj) epi nòt ou ekri nan kaye ou chak jou konsènan move tretman yo

• Ranje yon valiz ki gen lajan, lòt kle anplis, medikaman, ak dokiman enpòtan yo ladan, epi kite yo yon kote ki an sekirite oswa nan men yon moun ou fè konfyans.

“Pwogram sa a ede mwen nan youn nan moman pi difisil nan lavi mwen. Li toujou ban mwen yon kote ki an sekirite pou mwen kolekte lide mwen yo, itilize telefòn, epi chèche travay sou konpitè. Kèlkeswa sa mwen te bezwen an, pwogram sa a te la ak bra li yo ouvè.” – Kliyan FJC

Si oumenm oswa yon moun ou konnen se yon viktim vyolans nan kay, ou kapab jwenn èd.
Rele 311 pou ou ka jwenn nimewo telefòn gratis ki fonksyone 24 èdtan pa jou pou vyolans nan kay nan NYC
Rele 911 nan kadrijans
Gen asistans nan tout lang
www.nyc.gov

Sant yo

The Arab American Family Support Center, Inc./Tamkeen
Barrier Free Living
Bronx County District Attorney's Office
CAMBA
Center Against Domestic Violence
Day One
FEGS
The Financial Clinic
Garden of Hope
Good Shepherd Services Safe Homes Project
Her Justice
Jewish Association Serving the Aging
Jewish Board of Family and Children's Services
Kings County District Attorney's Office

Korean American Family Service Center
Legal Services NYC - Bronx
Manhattan Legal Services NYC
Metropolitan Council on Jewish Poverty
Mount Sinai Sexual Assault & Violence Intervention Program
New York Asian Women's Center
New York City Anti-Violence Project
New York City Department of Information Technology and Telecommunications
New York City Human Resources Administration
New York City Police Department
New York County District Attorney's Office
New York Legal Assistance Group
Northern Manhattan Improvement Corporation

Queens County District Attorney's Office
Queens Legal Services
Safe Horizon
Sanctuary for Families
Sauti Yetu Center for African Women
Shorefront Y
South Brooklyn Legal Services
STEPS to End Family Violence
St. Luke's Roosevelt Crime Victims Treatment Center
Urban Justice Center
Urban Resource Institute
Violence Intervention Program, Inc.
Weinberg Center for Elder Abuse Prevention
WISE (Working in Support of Education)